



Dwa ak responsabilite pasyan ak fanmi pasyan yo genyen

Boston Children's Hospital ("Lopital") devwe pou I respekte epi pwoteje toulède dwa pasyan li yo ak fanmi pasyan li yo. Nou fè anpil jefò pou n ofri swen ki adapte dapre kilti, ras, reliyon, janr, sèks, idantite seksyèl, preferans seksyèl, eta sivil, enfimite, sous peman ak peyi natif natal. Deklarasyon dwa yo ofri enfòmasyon sou devouman nou gen ni pou oumenm ni pou fanmi w.

Dwa jeneral

Nan lopital sila, nou toulède oumenm ak fanmi w gen dwa pou n :

- Resevwa swen doktè san n pa pran an konsiderasyon ras, kwayans, koulè po, peyi natif natal, reliyon, sèks, idantite janr, preferans seksyèl, eta sivil, laj (nan limit kondisyon yo), oubyen enfimite.
- Resevwa tretman viteprese pou sove lavi si ta gen yon ijans epi fè sa san pyès diskriminasyon poutèt pozisyon sozyo-ekonomik oubyen kijan peman ap fèt epi san pyès reta poutèt diskisyon sou kijan peman ap fèt.
- Resevwa swen koutwa, sekirize epi avèk respè epi pou gen repons viteprese epi adekwa pou tout demann rezonab epi dapre kapasite Lopital la.
- Resevwa swen pèsonalize pou ankadre epi okipe bezwen, laj ak diyite pèsonèl pa ou a oubyen pa ptit ou a.
- Konnen non, pozisyon ak kesyon pèmi, si genyen, pou tout moun ki egzamine w, obsève w oubyen ba w tretman apre egzaminasyon yon bwòch didantite moun sila yo oblige gen sou yo.
- Refize pou elèv nan medsin oubyen nenpòt lòt anplwaye fòmasyon nan lopital la egzamine w, obsève w osnon ba w tretman. Sila pa gen pyès konsekans sou kijan oumenm oubyen ptit ou a jwenn swen ak okipasyon sikiyatri, sikoloji oubyen tandòt medikal.
- Refize sèvi kou sijè nan rechèch epi/oubyen resevwa swen lè objektif fondamantal swen

sa a se pou rezon edikasyon osnon enfòmasyon olye pou terapi.

- Resevwa yon eksplikasyon, depi demann lan fèt, sou rapò, si genyen, ant lopital la ak nenpòt lòt lopital swenyaj oubyen lopital edikasyonèl nan mezi kote rapò sa a konsène swen oubyen tretman ou yo.
- Resevwa yon kopi "Dwa ak responsabilite pasyan ak paran oubyen reprezantan ofisyèl yon pasyan genyen." Si w pa kapab li oubyen konprann yo, gen yon moun k ap fè tradiksyon oubyen eksplike yo ba ou.
- Pou bezwen espirityèl, kiltirèl epi sikososyal ou yo respekte epi ankadre.
- Resevwa swen nan yon anviwònman ki sekirize epi san pyès kalite abi oubyen zigonnay.
- Diskite, avèk enfimyè epi anplwaye swen medikal yo, tout pwoblèm sou etik ou ta genyen sou sa ki konsène tretman ou resevwa oswa ptit ou resevwa. Si kesyon ou poze yo pa reponn oubyen si w gen lòt enkyetid toujou, ou ka pran kontak avèk Ethics Advisory Committee pou lopital la.
- Resevwa, depi demann lan fèt, lis tout non, adrès ak nimewo telefòn sèvis pwoteksyon ak gwoup pòtpawòl kliyan ki aplikab nan leta a.
- Pou moun ki viktim kadejak (vyòl sèks) ki nan laj pou yo fè ptit, resevwa enfòmasyon medikal alekri ki presi epi korèk Commissioner of Public Health la pare sou planin an ijans, e pou resevwa nan menm lè ak planin an ijans lan, depi demann lan fèt.
- Si w refize tretman poutèt kesyon finans oubyen mank yon sous peman, pou resevwa transfè viteprese epi sekirize nan yon lopital k ap resevwa epi ofri tretman pou oumenm oubyen pou ptit ou a, kote lopital la ap organize transfè a avèk enfòmasyon epi anplwaye klinik apwopriye yo si se yon bagay ki nesesè.

Enfòmasyon prive epi konfidansyèl

- Gen vi prive pandan tretman medikal ak lòt sèvis swen.
- Gen konfidansyalite tout dosye ak komunikasyon dapre lwa federal ak lwa Leta Massachusetts.

Dokiman enfòmatif pou fanmi • Dwa ak responsabilite pasyan ak fanmi li yo genyen

- Jwenn enfòmasyon ki nan dosye klinik ou yo nan yon peryòd tan ki rezonab epi resevwa yon kopi dosye klinik ou yo dapre lwa Leta Massachusetts ak polis lopital la.
- Resevwa yon kopi praktik lopital la sou vi prive nan moman ou enskri nan lopital la.
- Ou ka chwazi pou yo pa make non w nan anyè lopital la. Ki vle di anplwaye nou yo p ap fè pase koutfil ou resevwa e yo p ap di moun ki vin vizit yo kote ou ye nan lopital la. Yo p ap fè livrezon kourye, flè ak kado ba ou. Enfòmasyon nan anyè lopital la kapab se non pasyan nan, kote pasyan an ye ak nimewo telefòn pasyan an nan tout lopital Boston Children's lan.
- Mande pou lopital la kominike enfòmasyon konfidansyèl ou yo sou sante w sèlman dapre lwa ki konsène yo epi dapre praktik lopital la sou vi prive.
- Pou pa gen enfomàsyon konfidansyèl ou yo diskite nan zòn publik lopital la.
- Pou konnen kijan enfòmasyon konfidansyèl ou yo sou sante w kapab itilize epi ki pataj ki fèt jan lwa leta a ak lwa federal la oblige.
- Mande pou gen kèk restriksyon sou itilizasyon oubyen pataj enfòmasyon ou yo sou sante w amwenske li lakòz entèferans nan swen ak tretman yon pasyan oubyen nan machaswiv lopital la.
- Chazi ki moun ki ka vin an vizit amwenske vizitè sa yo ta poze yon risk pou pasyan an, lòt pasyan, anplwaye lopital la oubyen ta otreman lakòz yon entèferans nan machaswiv lopital la.
- Refize vizitè vini jan lalwa pèmèt sa. Dwa sa a pa valab pou moun ki gen yon patisipasyon dirèk nan swen w ap resevwa.
- Mande yon chanjman oubyen koreksyon nan enfòmasyon konfidansyèl ou yo sou sante w, si w kwè enfòmasyon an pa konplè oubyen li enkorèk jan lwa ki konsène a pèmèt sa.
- Refize pou moun pran kontak avèk ou sou sa ki konsène swa chache fon oswa maketin.
- Pote yon plent sou nenpòt nan praktik lopital la sou enfòmasyon sou sante depi w pran kontak avèk Hospital's Privacy Officer nan nimewo 617-355-5502 ouyen avèk HIPAA Compliance Manager nan nimewo 857-218-4680. oubyen si w kwè gen yon enfrafraksyon nan dwa ou genyen yo, ou kapab pran kontak avèk :

The Office for Civil Rights
United States Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, S.W.
Room 509F HHH Bldg.
Washington, D.C. 20201
www.hhs.gov/ocr/office/index.html

Pran desizyon epi bay konsantman / patisipe nan swen

- Eksepte lè sèvis ijan obligatwa, yon medsen oubyen lòt anplwaye klinik ap founi ba ou ak/oubyen fanmi w ase enfòmasyon pou w konprann eta sante w, tretman ki planifye, pwosedi, an kontan benefis, risk oubyen efè segondè ki kapab genyen, ak pwognosis pou w kapab patisipe nan desizyon sou sa ki konsène swen, tretman ak sèvis ou resevwa.
- Dapre enfòmasyon sa yo, bay otorizasyon eklere pou swen ak tretman ou yo dapre lwa Leta Massachusetts la.
- Fè direktiv alavans si w gen laj 18 an oubyen ou pi gran. Sila vle di ou gen dwa pou w dirije swenyaj ou yo oubyen chwazi yon moun ki pou pran desizyon pou swenyaj ou yo si sa ta rive kote w pa kapab pran desizyon oumenm pou swenyaj ou yo.
- Pou desizyon ou pran sou fè don ògàn nan kò w respekte dapre limit lwa a oubyen polis lopital la.
- Pou yo avèti yon fanmi oubyen yon reprezantan ofisyèl viteprese depi ou ta entène nan lopital la.
- Ou gen swa pou w resevwa eksplikasyon byen klè sou rezulta ak konsekans nenpòt tretman oubyen pwosesis, an kontan rezulta ki pa t prevwa.
- Pou medsen an oubyen nenpòt lòt anplwaye klinik enfòme w sou tout bezwen konstan apre egzeyat ou nan lopital la ak sou disponiblite resous ki genyen nan kominote kote w rete a e ki kapab ede w.
- Resevwa enfòmasyon sou sa ki konsène jwenn sèvis espesyal tankou gadò, sèvis pòtpawòl ak sèvis pwoteksyon.
- Refize bay otorizasyon pou swen, tretman ak sèvis jan lalwa pèmèt sa fèt. Ou gen dwa tou pou w enfòme nétale sou efè ki gen lè w refize yon tretman ak konsekans medikal ki posib apre aksyon ou pran yo.
- Konsilte ak yon espesyalist depi w fè demann lan epi depi w peye pou li.

Dokiman enfòmatif pou fanmi • Dwa ak responsabilite pasyan ak fanmi li yo genyen

- Transfè nan yon lòt lopital dapre Iwa Leta Massachusetts la. Yon transfè ap sèlman fè depi l ta gen yon konvnans medikal epi sèl lè konvnans enfòmasyon ki asosye avèk swen, tretman ak sèvis ki founi yo nan echanj avèk founisè swen yo nan lopital k ap resevwa transfè a. Nenpòt transfè, eksepte nan yon sitiayson ijan, ap byen eksplike epi pwovizyon pou swen yo kontinye ap kapab fèt.
- Resevwa swen ki akomode rezonableman pou bezwen espesyal.

Rechèch

- Enfòmasyon sou nenpòt pwojè rechèch oubyen edikasyon ki gen konsekans sou swen oubyen tretman pitit ou a. Ou gen tout dwa pou w bay pèmisyon oubyen refize antre nan pwojè sa yo. W ap resevwa swen kèlkeswa si w refize oubyen pa refize patisipe nan pwojè sa yo.

Jesyon doulè

- Swen ki ini jesyon doulè ladan yo.
- Resevwa regilyèman, evalyasyon doulè apwopriye pou laj ou, respons dililian nan men anplwaye sou ka ki konsène doulè epi patisipe nan desizyon sou jesyon doulè.

Restrenn

- Pa nan izolman ak restrenn kèlkeswa kijan sa fèt depi li pa gen yon nesesite medikal epi depi li pa amelyore byennèt pitit ou a. Itilize restrenn pou jesyon medikal, chirijikal oubyen konpòtmantal ap konfòm ak lwa ki konsène epi ak polis lopital la. Restrenn kapab swa fizik oubyen yon medikaman ki itilize kou restrenn. Izolman se anprizonnan envolontè yon moun nan yon chanm oubyèn yon zòn kote moun lan anpeche fizikman pou l ale soti.

Sèvis finansyè

- Resevwa, depi w fè demann lan, kopi yon fakti avèk tout detay oubyen lòt etadkont sou frè epi yon eksplikasyon sou fakti a epi/oubyen frè, kèlkeswa sous peman an.
- Resevwa enfòmasyon sou èd finansyè ak swenyaj gratis.

Kominikasyon

Manm ekip swenyaj pa ou yo oubyen pa pitit ou yo pral :

- Entwodwi lemwa ba ou oubyen bay pitit ou a.
- Eksplike wòl yo nan swen pa ou yo oubyen pa pitit ou yo.
- Chache jwenn opinyon ou yo sou objektif pa ou yo oubyen pa pitit ou yo epi pran tan pou yo tande sa w ap di.
- Ekri epi pale ak respè ansanm ak ou epi/oubyen ak pitit ou.
- Pou konfime idantite pa w oubyen pa pitit ou a, gade brasle a oubyen poze kesyon pou yo konn non w ak dat ou fèt anvan pou yo ba ou nenpòt medikaman oubyen tretman.

Yon anviwònman pozitif

Pou founi swen ki respekte estaj grandisman ak devlopman yon moun, n ap :

- Pran an konsiderasyon enterè ak bezwen pa w oubyen pa pitit ou a, men pa sèlman sa ki asosye avèk maladi.
- Garanti anplwaye nou yo konprann bezwen ak enkyetif timoun, adolesan ak jèn adilt.
- Founi opòtinite pou pasyan grandi epi aprann.
- Eseye kontinye, jan sa nòmal, avèk orè ak aktivite pa ou yo oubyen pa pitit ou a ki pwograme.
- Ankouraje w vini avèk rad pa ou yo oubyen pa pitit ou yo epi zafè espesyal de lakay ou.

Responsabilite pasyan / fanmi pasyan an

Nan lopital sila, ou reponsab pou w :

- Pataje avèk founisè swenyaj ou yo enfòmasyon sou sante pa w oubyen pa ptit ou a, tankou istorik sou sante w, sentòm, tretman, medikaman ou pran ak nenpòt lòt enfòmasyon ki ta ka gen yon enpòtans sou sante pa w oubyen pa ptit ou a. Se pou w fè yon rapò sou risk ou pèsevwa nan swen pa ou yo oubyen pa ptit ou yo ak chanjman ki pa t prevwa nan kondisyon pa w oubyen pa ptit ou a.
- Fè n konnen si w ta renmen patisipe nan swen pa ou yo oubyen pa ptit ou yo epi poze n kesyon si w pa konprann nenpòt nan seksyon nan swen an oubyen kisa ou sipoze fè pou w patisipe nan swen sila a.
- Swiv plan tretman an ak tout enstriksyon enfimyè ni lòt founisè swenyaj yo ba ou epi eksprime nenpòt enkyetid sou kijan ou kapab swiv plan pou swen ki pwopoze ak seri tretman, tretman oubyen sèvis.
- Kite n konnen tanpri si w pa satisfè avèk swen pa ou yo oubyen pa ptit ou a osnon avèk lòt kisa nan eksperyans ou nan lopital la.
- Respekte dwa lòt pasyan, lòt fanmi ak anpwlaye lopital la epi pran an konsiderasyon pwopriyete lopital la ak pwopriyete lòt pasyan.
- Pa diskite oubyen repete enfòmasyon sou lòt pasyan ak lòt fanmi.
- Anplwaye pou relasyon avèk pasyan yo disponib pou yo kolabore avèk ou sou sa ki konsène kesyon ak enkyetid, pou eklèsi polis ak pwosedi lopital la epi pou reponn kesyon ou ta genyen sou dwa ak responsabilite ni pasyan ni fanmi pasyan yo. Ou ka pran kontak avèk yo atravè :
 - ❖ The Hale Family Center for Families (Main Lobby / antre prensipal la) lendi-vandredi, 8:30 a.m. –4:30 p.m. 617-355-7673 (5-7673 depi andedan lopital la).
 - ❖ Apre 4:30 p.m. epi nan wiken ak jou ferye, pran kontak avèk administratè ki de sèvis la (AOD) apatide nimewo operatè pedj la : 617-355-6369 (5-6363 depi andedan lopital la).

Egzèse dwa ou genyen yo

Nou pran enkyetid ou yo o serye e n ta renmen konnen si w pa satisfè ak nenpòt kisa nan swen ou yo nan Boston Children's. Gen annapre a ki pwosedi pou swiv pou w pote plent nan Boston Children's. Pou fasilitè bagay yo pou ou, nou make tou kilès pou kontakte andeyò lopital la sou sa ki konsène enkyetid ou yo.

- Pote enkyetid oubyen plent ou yo bay enfimyè an chèf nan depatman an, direktè depatman an oubyen bay yon manm nan anpwlaye relasyon ak pasyan an.
- Si enkyetid ou a pa rezoud, men kijan ou ka pote yon plent ofisyèl :
 1. Pote plent ou an swa aloral oswa alekri.
 2. Lopital la ap kite w konnen peryòd tan an I ap bezwen pou I fè ankèt la epi bay repons sou plent ou pote a.
 3. Lopital la ap bay yon repons alekri sou desizyon li pran an, e I ap gen ladan I :
 - ❖ Kijan moun ki kontakte nan lopital la rele
 - ❖ Etap ki fèt onon pasyan an
 - ❖ Apèsi sou rezulta yo
 - ❖ Dat finisyon an
- Plent sou sa ki konsène kalite swen yo, sekirite ak egzeyat prematire ap revize nan yon tan ki rezonab.
- Pasyan an ak fanmi I gen dwa pou yo pote plent, sou sekirite yon pasyan oubyen sou kalite swen yo, avèk òganism ekstèn sou règleman, lisans ak akreditasyon san yo pa swiv pwosedi lopital la ki make anlè a.

Enfòmasyon sou kilès pou w kontakte sou kesyon règleman, lisans ak akreditasyon :

The Division of Health Care Quality

Department of Public Health
99 Chauncy Street
Boston, Massachusetts 02111
617-753-8000

<http://www.mass.gov/dph/dhcflc>

Dokiman enfòmatif pou fanmi • Dwa ak responsabilite pasyan ak fanmi li yo genyen

The Office of Quality and Patient Safety

The Joint Commission
One Renaissance Boulevard
Oakbrook Terrace, Illinois 60181
1-800-994-6610

Imel : patientsafetyreport@jointcommission.org
Faks : 630-792-5636
www.jointcommission.org/report_a_complaint.aspx

The Office of Health Services

Department of Mental Health
25 Staniford Street
Boston, Massachusetts 02114
617-626-8000

www.mass.gov/eohhs/gov/departments/dmh/contact-us.html